

BURUNDI : UMUHARI ITEKA NA KING UMURUNDI FREEDOM BATANGUYE ISEKEZA RYO KWIYAMIRIZA AMACAKUBIRI Y'AMOKO MURI PORITIKE N'ISESAGURA RY'UBUTUNZI « **TURWANYE AMACAKUBIRI N'UBUSUMA** »

Mu gukingira umubano, kugarukana ukwizerana mu banyagihugu no gukinga amatati.

BRUXELLES-PARIS, GITUGUTU 2026. Amacakubiri ashingiyeye ku moko, poritike hamwe n'isesagura ry'ubutunzi ni intambamyi 2 zibangamiye umubano mwiza, intwari hamwe n'amahoro mu Burundi. Kubwo icuka kibi ca poritike, umutekano, umubano n'ubutunzi bishobora kwunyuka, umuhari uharanira agateka ka zina muntu mu Burundi ITEKA na King Umurundi Freedom batanguye isekeza ry'ihimiriza rigwanya amacakubiri ashingiyeye ku moko na poritike hamwe n'ubunyonyezi bw'itunga « **Turwanye Amacakubiri n'Ubusuma** », inyuma y'indwi y'imibonano mpuzamakungu yabaye kuwa 5 gushika kuwa 9 Gitugutu 2026 mu ntumbero y'umugambi **UMUSEKE**.

I BRUXELLES, ayo mashirahamwe 2 barahuye n'abaserukira umugwi w'uburayi cane cane uwujewe ibikorwa vyo hanze (SEAE) n'uwujewe ubufasha mpuzamakungu (INTPA), abajewe imigenderanire n'Ububirigidu (SPF) hamwe n'amashirahamwe mpuzamakungu, harimwo EURAC, PAX Christi International, Justice et Paix, 11.11.11, RCN Justice & Démocratie n'Abashingwa manza batagira imbibe (ASF).

I PARIS, barayaze n'abaserukira ikigo c'Ubufaransa citaho iterambere (AFD), uwuserukira ishirahamwe mpuzamakungu ry'abavuga igifarasa (OIF) hamwe n'ubushikiranganji bw'uburayi n'imigenderanire n'ayandi makungu (MEAE). Barabonye kandi n'umukuru w'ishirahamwe mpuzamakungu riharanira agateka ka zina muntu (FIDH), ku rutonde rw'inama z'i Bruxelles.

Ivyo biyago vyatumye hashirwa ahabona ingorane 8 nyamukuru zerekeye kazoza bw'u Burundi hamwe n'ituze ry'akarere k'ibiyaga binini:

01. Intambara ya poritike idahera kuwa mu 2015.

Ayo mashirahamwe 2 afata ko ivyateye icyo ntambara ya poritike yatanguye mu 2015 iguma idatorewa inyishu bikazana icuka kibi, abantu barahungira kandi icizere mu banyeporitike kiratituka. Amashirahamwe aranafise amakenga ku mwumvikano uhurizwa ko n'ibihugu bimwe bimwe vyakiriye impunzi kandi bishobora korohereza uguhungura impunzi z'abarundi ku nguvu. Asaba ko intambwe yose yo guhunguka yokubahiriza ubushake, iteka n'umutekano w'abantu biraba. Uko babibona, ukuva mu kaga birama bica mu biganiriro vya bose bihuza abaserukira abaturavuye rumwe na Reta, amashirahamwe adaharanira inyungu za poritike, ibimenyeshamakuru biri mu buhungiro hamwe n'abandi vyega.

02. Amatora yarwanijwe 2025 hamwe n'ikumira mu gisata ca poritike.

Bafata amatora ya 2025 ko yibwe, bavuga ko hakumiriwe abatavuga rumwe na Reta, nk'umugambwe "Ihuriro ry'igihugu riharanira umwitegemvye" (CNL), ibaba rya Agathon Rwasa. Kubwo umuhari Iteka na King Umurundi Freedom, ihiganwa rya poritike ntiriyogariye ku nteguro y'amatora ya burigihe. Bisaba kandi kugira uburenganzira bwo gushikiriza ivyiyumviro, ukuja mu mashirahamwe, ukwitaba ibintu bitandukanye no mu budasa bwabo.

03. Ingorane z'umutekano mu buseruko bwa Kongo.

Les discussions ont porté sur l'implication ibiganirovyari vyerekeye ukwivanga kuvugwa kw'inzego z'umutekano z'Uburundi mu ntambara ya Kongo, co kimwe no ku ba FDLR bari mu Burundi no ku ntambara ziriko zibera mu buseruko bwa Kongo. Inguvu za gisirikare, imihari yitwaje ibirwanisho hamwe n'icuka kibi hagati y'ibihugu bishobora gusongera isibe hamwe n'ukunyura ingarukambi ku bufasha bw'abanyahihugu. Umuhari Iteka na King Umurundi Freedom gutyo baravugaga akamaro ko gushira imbere ubuhinga bw'ibiganiro vy'akarere, umuco muvuye bemeraniye vy'umutekano hamwe n'ukubahiriza uburenganzira mpuzamakungu, mu ntumbero yo kurwanya ko icuka kibi kihari kitavamwo intambara ikomeye.

04. Icuka hagati y'Urwanda n'Uburundi.

Amashirahamwe uko ari abiri aragabisha ko hashobora gutituka imigenderanire hagati y'ivyo bihugu bibiri ishobora gukora ku migenderanira yo mu karere kose hamwe n'utwigoro two kugarukana amahoro. Kubw'ayo mashirahamwe, ukugarukana amahoro bisaba gukingira imigenderanire n'ibindi bihugu, gushira imbere ubuhinga bw'ibiganiro no kurwanya ingingo zishobora gutera urwikeko hagati y'abanyagihugu n'indongozi z'ivyo bihugu bibiri.

05. Ubusuma bw'ubutunzi bw'igihugu hamwe n'ivyakenye.

Ayo mashirahamwe abiri adomako urutokye ugusesagura hamwe n'ikena ry'igitoro. Izo ngorane zakozwe ku bijanye n'ubutunzi ndetse n'imibano vyaranzwe n'ikena ryisubiriza ry'imiti, ifumbire, amazi meza, umuyagankuba n'igitoro. Izo ngorane zarakozwe ku miryango, bisubiza inyuma ibikorwa vy'ubutunzi kandi bikabangamira ubuzi bwa minsi yose, nko mu gisata c'amagara y'abantu, ukwiyungurura, ukwiyungunganya n'uburimi. Mu gihugu aho igice kinini c'abanyagihugu babayeho ku mangenge, ingaruka mbi z'iryo kena zirarenze iz'ibikoreshe. Zituma haba uguheba, bikunyura ubusumbasumbane hamwe kandi zihakwa gukuraho icizere aho ku nzego za Reta.

06. Ubusuma mw'isoko ryo kuvunja amahera y'agaciro.

Havuzwe kandi ko hari ibiciro bibangabangana, igiciro co kuvunja kizwi na Reta n'igiciro co kw'isoko yo mu kinywabi. Ubudasa hagati y'igiciro co kuvunja cashinzwe na Reta hamwe n'ico kw'isoko ryo mu kinywabi birongereza ingorane zo kuronka ayo mahera hamwe no gutunga mu buryo butemewe kw'indongozi zimwe zimwe. Iyo bitera amakenga y'ugukorera ku mugaragaro, ubusumbasumbane mu vy'ubutunzi n'intwari. Mugihe kuronka amahera y'agaciro vyacitse akayoberabahinga kandi ko ubuhinga bwo gukoresha amahera bubuze umuco, abinjiza ibintu babivana hanze hamwe n'abadandaza barashobora guhura n'izindi ntambanyi kugira baronke isoko. Ingaruka rero zija ku biciro, ukuboneka kw'ibidandazwa, hamwe n'ubushobozi bwo gusuma ku miryango.

07. Ubuzima buzimvye n'igenda ry'abakozi ba Reta.

Amahera ata agaciro n'u kugabanuka kw'ubushobozi bwo gusuma bishira mu kangaratete imiryango, mugihe abakozi ba Reta bava mu gihugu bagiye kurondera aho ubuzima bugendeka n'umushahara wisununuye mu mahanga nko mu bihugu vyo mu kigobe, mu bihugu vyo mu karere hamwe n'ahandi. Urworoja n'uruza, mugihe biterwa no kurondera uburyo bwo kubaho, bitera ibibazo co kudahurumbira ubuzi bwa Reta, imishahara y'abakozi n'ubushobozi bw'igihugu bwo kugumya incabwenge zabwo.

08. Itituka ry'agateka ka zina muntu.

Amashirahamwe abiri ashikiriza amakenga yabo kuvyo afatako ari amabi akomeye mu Burundi, cane cane muri iyi minsi. Bibaza ko ukwo kwunyuka bitosigurwa gusa nuko hegereje amatora. Barajwe ishingira cane cane no kunyuruzwa n'ubwicanyi bw'abantu biketsweko bakorana n'imigwi y'abarwanyi. Batera akamo ko gukinga amabi, gukora amatohoza yigenga handi adahengamye hamwe no gukurikirana abikekwako amabi mugihe bagiriwe n'icaha. Bashimangira kandi ko hakenewe gukingira abakorewe amabi, ivyabona hamwe n'abantu batohoza y'amabi.

Gukinga ko ibintu bibanda vyiyongera: igikorwa ca bose

Kubw'umuhari Iteka na King Umurundi Freedom, ivyo bintu umunani birashobora gukomezana, kwongereza agashavu bikongera bigatuma amahoro arushirizaho guhungabana mu Burundi no mu karere. Atera akamo ko hashobora kwaduka akaga kavyura icuka c'indwano niyo hadafashwe ingingo zibereye hakiri kare.

Isekeza « **Turwanye Amacakubiri n'Ubusuma** » twumva gutyo guteza imbere kurwanya amacakubiri afatiye ku bwoko na poritike, ubusuma n'isesagura ry'ubutunzi bw'igihugu, mu gutera intege intwari ifise intumbero, ugukorera mu mucu, ubutungane n'ukwubahiriza agateka ka zina muntu.

Gucanishamwo abanyagihugu, bisubiza inyuma igihugu hamwe n'ukwiba ubutunzi bw'igihugu bitera ingorane ubutunzi rusangi. Kuri aya mashirahamwe abiri, gukinga indyane bisaba kurandurana n'imizi ivyo biza bibi « **Amacakubiri n'Ubusuma** », kugarukana umwizero hagati y'abanyagihugu n'inzego zabo no guhimiriza indongozi, abadaharanira inyungu za poritike, abafasha mpuzamakungu n'abanyagihugu ku ntumbero rusangi: **Kubungabunga amahoro no kurwanya ko amacakubiri ahari atovamwo akandi kaga.**

Bruxelles, kuwa 10 Gitugutu 2026

Ku bw'umuhari ITEKA

Anschaire NIKOYAGIZE

Indongozi

Kubwa King Umurundi Freedom

Vianney NIZIGIYIMANA

Indongozi